

## **PWOJÈ PWOPOZISYON ANPLWAYE YO: EGZIJANS NAN ZAFÈ KONSILTASYON AK ANGAJMAN ANVAN-DEPO POU ANPLASMAN AK OTORIZASYON**

### **I. ENTWODIKSYON**

Nan mwa novanm 2024 la, Gouvènè Healey te pwomilge lwa "Yon Lwa ki ankouraje yon rezo enèji pwòp, ki fè avanse ekite ak pwoteje kontribyab yo" ("Lwa 2024 sou Klima a") ki anchaje Siting Board Enstalasyon Enèjetik yo ("EFSB") pou bay yon sèl pèmi konsolide ki anglobe tout pèmi eta a, rejyonal ak lokal yon gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp ta otreman oblije jwenn pou kòmanse konstriksyon ak operasyon. Lwa 2024 sou Klima a egzije tou pou Depatman Sèvis Piblik Massachusetts la ("DPU"), ansanm ak EFSB, etabli egzijans anvan-depo aplikan yo dwe respekte. Gade Seksyon 74 Lwa 2024 sou Klima a (G.L. c. 164, § 69T).<sup>1</sup> Lwa 2024 sou Klima a egzije pou aplikan yo bay EFSB prèv sansibilizasyon ki fèt anvan yo depoze yon aplikasyon. Lwa 2024 sou Klima a otorize tou Divizyon Patisipasyon Piblik DPU ki fèk etabli a ("DPP") pou ede entèvenan an satisfè egzijans yo nan zafè konsiltasyon ak angajman anvan-depo nan kowòdinasyon avèk Biwo Jistis Anviwònman ak Ekitè a ("OEJE") nan Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman la ("EEA").<sup>2</sup> Pwojè Pwopozisyon<sup>3</sup> anplwaye sa a dekri pwopozisyon egzijans anvan-depo yo pou aplikasyon EFSB yo.<sup>4</sup> Fòmalizasyon egzijans anvan-depo yo make yon chanjman nan pratik anvan-depo EFSB aktyèl yo, epi li kounye a gen ladan atant yon pwosesis angajman kominotè solid, defini.

Pwosesis revizyon enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp EFSB a ta benefisye de sansibilizasyon anvan-depo ki bati nan opòtinite eksplisit pou angajman entèvenan ki gen sans epi ki defini klèman atant ajans lan pou pwomotè yo. Pwosesis angajman anvan-depo a ta dwe asire manm kominote yo byen enfòme sou yon pwojè anvan revizyon fòmèl EFSB a, pèmèt pwomotè a idantifye enkyetid yo byen bonè, epi pètèt modifiye pwopozisyon an pou reponn a bezwen kominote a. Angajman anvan-depo alè ak kolaborasyon avèk ajans lokal ak etatik yo ta redui tou chans pou enkonpatibilite rive ant planifikasyon enfrastrikti ki egziste deja ak alavni.

---

<sup>1</sup> Lwa 2024 sou Klima a egzije tou pou pwomotè ansyen "enstalasyon" yo konfòme yo ak egzijans anvan-depo yo. Gade St. 2024, c. 239, Sections 65 (G.L. c. 164, § 69J), and 68 (G.L. c. 164, § 69J¼ ).

<sup>2</sup> Lwa 2024 sou Klima a etabli tou Divizyon Patisipasyon Piblik nan DPU a. Pou zafè anplasman ak otorizasyon nan kad EFSB a, Divizyon an anchaje pou ede entèvenan an satisfè egzijans yo nan zafè konsiltasyon ak angajman anvan-depo, klarifye egzijans depo yo, idantifye opòtinite pou entèvni, fasilite dyalog ant entèvenan ki enplike nan pwosesis otorizasyon an epi ede nan kowòdone avèk lòt ofisyèl etatik, rejyonal, ak lokal yo, tankou EEA OEJE.

<sup>3</sup> "Anplwaye EFSB" fè referans a yon anplwaye Divizyon Anplasman DPU a.

<sup>4</sup> Lwa 2024 sou Klima a egzije tou pou Depatman Resous Enèjetik yo ("DOER"), an konsiltasyon avèk DPU, etabli yon pwosesis anvan-depo separe pou pèmi lokal konsolide "ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo" pa gouvènman lokal yo. GL c. 25A, § 21.

Yon pwosesis sansibilizasyon ak angajman anvan-depo ta bay opòtinite pou minimize enkonvenyan potansyèl anvan resous sit kritik yo konsakre a pwojè yo pwopoze yo.

## II. KONTÈKS POU PWOJÈ PWOPOZIZYON AN

### A. Enfrastrikti Enèji ki Egziste Deja Pratik Anvan-Depo

Kounye a, EFSB oswa DPU ka revize pwojè enfrastrikti enèjetik yo. Kounye a EFSB pa gen egzijans fòmèl angajman anvan-depo epi pwojè ki depoze nan EFSB yo te sijè a divès aktivite enfòmèl anvan-depo.<sup>5</sup> Anvan aplikasyon Lwa 2024 sou Klima a, DPU te mennen kèk aktivite revizyon anplasman ak otorizasyon, tankou pou rekèt pou egzanpsyon zonaj ak chanjman nan oswa nouvo konstriksyon liy transmisyon ki pi kout.<sup>6</sup> Pou zafè anplasman DPU ki depoze apre mwa Out 2024, demandè yo oblije angaje yo nan aktivite sansibilizasyon anvan-depo bò kote piblik la, tankou ofisyèl minisipal yo, gwoup kominotè yo, biznis yo, ak rezidan yo nan kad pwosesis anvan-depo DPU a.<sup>7</sup> Egzanp sansibilizasyon demandè yo gen ladan sansibilizasyon pòt-a-pòt nan pwopriyete ki toupre wout yo; òganizasyon jounen pòt ouvèt ak evènman pop-up avèk materyèl enprime an plizyè lang ak sèvis entèpretasyon similtane; ak sansibilizasyon atravè piblisite jounal, sit entènèt pwojè yo, imèl, ak sikilè. Diskisyon ant pwomotè yo ak entèvenman yo gen ladan enfòmasyon sou wout liy yo, kijan pou resevwa notifikasyon pwojè yo, ak patisipasyon nan reyinyon "jounen pòt ouvèt" ki te òganize pa pwomotè pwojè a. Pwomotè yo souvan bay entèvenan an enfòmasyon sou bezwen pwojè a, konsiderasyon konsepsyon, ak pwosesis otorizasyon ak kalandriye pou pwojè a.

Anpil enstalasyon enfrastrikti enèji EFSB revize yo dwe revize tou pa biwo Lwa sou Politik Anviwònman Massachusetts la ("MEPA"), ki te etabli kondisyon anvan-depo pou popilasyon jistis anviwònmanal yo.<sup>8</sup> Se poutèt sa, gen kèk mezi egzijans anvan-depo pwomotè yo dwe deja respekte. Lwa 2024 sou Klima a prezante yon opòtinite pou rafine kondisyon sansibilizasyon anvan-depo pwomotè pwojè yo ki pral asire moun ki potansyèlman afekte yo ak ajans etatik ak lokal yo jwenn enfòmasyon sou pwojè a bonè epi yo ka enfliyanse anplasman ak konsepsyon pwojè a.

---

<sup>5</sup> Aktivite anvan-depo yo te enkli avi pa lapòs, jounen pòt ouvèt, ti pano afichaj nan pòt, sit entènèt pwojè a, notifikasyon pa imèl, ak konsiltasyon minisipalyo.

<sup>6</sup> Lwa 2024 sou Klima a prevwa transfere otorite anplasman DPU nan EFSB anvan 1ye mas 2026, avèk kèk eleman (tankou egzanpsyon zonaj, eksepte nan Boston) ki transfere apati 18 fevriye 2025.

<sup>7</sup> Pou revizyon anplasman DPU yo, politik a plizyè Nivo ak Sansibilizasyon DPU a aplike. Gade D.P.U. 21-50-A ki disponib nan  
<https://fileservice.eea.comacloud.net/FileService.Api/file/FileRoom/18651202>.

<sup>8</sup> <https://www.mass.gov/doc/final-mepa-public-involvement-protocol-for-environmental-justice-populations-effective-date-of-january-1-2022/download>.

B. Resous kle yo konsilte nan preparasyon pwopozisyon egzijans anvan-depo yo

Pou prepare pwojè pwopozisyon sa a, anplwaye yo te konsilte egzijans anvan-depo DPU yo, egzijans MEPA yo, rekòmandasyon Komisyon Anplasman ak Otorizasyon Enfrastrikti Enèji a ("CEISP"), ak egzijans anvan-distribisyon nan New York, California, Maine, Michigan, New Hampshire, Vermont, Ohio, Virginia, North Carolina, ak Kentucky. Anplwaye DPU ak EFSB yo ap konsilte tou ajans otorizasyon ki ta otreman bay pèmi, pou jwenn opinyon yo sou amonizasyon egzijans aktivite anvan-depo yo.

C. Objektitif pou egzijans angajman anvan-depo yo

Sansibilizasyon pwomotè pwojè a te varye anpil nan tan lontan. An patikilye, sansibilizasyon pwojè ka rive pita nan pwosesis preparasyon an lè li pi difisil pou fè chanjman enpòtan nan yon pwojè. Kòmantatè piblik yo souvan deklare se sèlman dènyèman yo te enfòme sou yon pwojè ki te an preparasyon depi plizyè ane. Pou adrese diferans sa yo, anplwaye yo devlope objektif sa yo pou kondisyon angajman anvan-depo:

1. Etabli egzijans eksplisit EFSB anvan-depo pou asire koyerans nan pratik sansibilizasyon atravè pwojè yo epi bay opòtinite pou patisipasyon piblik la;
2. Asire enfòmasyon sou pwojè a rive jwenn moun ak antite ki konsène yo ki ka afekte pa konstriksyon pwojè a oswa operasyon yo ansanm ak ajans etatik ak lokal yo;
3. Bay entèvenan kle yo opòtinite pou enfliyans konsepsyon pwojè a pandan etap kritik nan preparasyon pwojè a; epi
4. Asire pwojè yo an amoni avèk politik planifikasyon alontèm etatik ak minisipal yo epi kontribye nan objektif klima ak ekite Commonwealth la.

D. Kolaborasyon Ajans lan

Lwa 2024 sou Klima a egziye DOER, an konsiltasyon avèk DPU, etabli pwosesis anvan-depo pou anplasman ak otorizasyon "ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp" pa gouvènman lokal yo.<sup>9</sup> EFSB ak DPU pral konsilte DOER pou asire koyerans ant kondisyon de ajans yo prepare kote sa apwopriye. EFSB ak DPU pral konsilte tou Biwo MEPA a, ki gen anpil eksperyans pou evalye enpak anviwònmantral pwojè yo, pwoblèm dispozisyon tè yo, ak mezi alèjman yo. Byenke Lwa 2024 sou Klima a retire revizyon MEPA kòm yon egzijans pou tout revizyon enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp (sètadi, revizyon pèmi konsolide EFSB oswa revizyon pèmi konsolide

---

<sup>9</sup>. Lwa 2024 sou Klima a la ajoute yon egzijans "egzijans anvan-depo yo pa chanje pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, ki dwe gen ladan egzijans espesifik pou reyinyon piblik ak lòt fòm kontak ki dwe fèt davans pou yon aplikan soumèt yon aplikasyon." GL c. 25A, § 21.

lokal), li klèman egzije konsiltasyon anvan-depo avèk lòt ajans otorizasyon tankou Biwo MEPA a.<sup>10,11</sup>

### **III. DISKISYON SOU KONPOZAN KLE PWOJÈ PWOPZISYON ANPLWAYE YO**

Pwojè Pwopozisyon sa a konsidere egzijans pou kilè ak kijan minisipalite yo, manm kominote yo, ak ajans leta yo ka jwenn enfòmasyon sou pwojè yo pwopoze a, enfòmasyon yo kominike sou pwojè a, ak pwotokòl aksè a lang pwomotè a ta swiv pou maksimize angajman piblik ki gen sans, dyalòg sipò, epi enfòm entèvenan an sou pwojè yo pwopoze a. Pwopozisyon an gen ladan seksyon sa yo:

- A. Egzijans Sansibilizasyon Anvan-depo
  - 1. Egzijans faz 1 sansibilizasyon anvan-depo 1
  - 2. Egzijans faz 2 sansibilizasyon anvan-depo
- B. Avi Anvan-depo sou entansyon pou depoze aplikasyon an
- C. Dokiman ki dwe soumèt (depoze) ansanm ak avi anvan-depo a

#### **A. Egzijans Sansibilizasyon Anvan-depo yo**

Pwojè Pwopozisyon sa a dekri egzijans sansibilizasyon anvan-depo pou gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp ki tonbe anba jiridiksyon EFSB ak ti enstalasyon enfrastrikti transmisyon pwòp, distribisyon, pwodiksyon, oswa estokaj ki chwazi chèche yon pèmi konsolide nan men EFSB.<sup>12</sup> Egzijans sansibilizasyon anvan-depo a ta rive nan de faz. Li ta mande pou pwomotè pwojè yo aktivman konsidere ak entegre fidbak entèvenan an depi nan premye etap planifikasyon pwojè a atravè seleksyon opsyon wout oswa sit prefere a, anvan pwomotè a soumèt yon aplikasyon bò kote EFSB. Sansibilizasyon anvan -depo ta gen ladan tou konsiltasyon

---

<sup>10</sup> Lwa 2024 sou Klima a prevwa preparasyon "egzijans anvan depo ki koresponn a dimansyon ak echèl gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo pwopoze a, ki dwe gen ladan kondisyon espesifik pou konsiltasyon anvan-depo ak ajans otorizasyon yo ak [Biwo MEPA], reyinyon piblik yo ak lòt fòm kontak ki dwe fèt anvan yon aplikan soumèt yon aplikasyon..." GL c. 164, § 69T(b)(iii).

<sup>11</sup> Lwa 2024 sou Klima a egzije tou pou EFSB prepare "kritè pou aplike nòm ak direktiv analiz enpak kimilatif ki prepare pa biwo jistis anviwònman la ak ekite a dapre seksyon 29 chapit 21A." G.L. c. 164, § 69T.

<sup>12</sup> GL c. 164 § 69U pèmèt pwomotè Ti Enstalasyon Transmisyon Enèji Pwòp ak Enfrastrikti Distribisyon yo (SCT&D) yo chwazi pou yo chèche yon pèmi konsolide nan men EFSB ki gen ladan tout pèmi etatik, lokal, ak rejyonal ki nesèsè yo. GL c. 164 § 69V pèmèt pwomotè Ti Enstalasyon Pwodiksyon Enèji Pwòp (SCEG) ak Ti Enstalasyon Estokaj Enèji Pwòp (SCEs) yo chwazi pou chèche yon pèmi eta konsolide nan men EFSB ki gen ladan tout pèmi leta ki nesèsè yo.

ajans otorizasyon etatik ak lokal yo ak pwogram regilasyon ki gen enpak sou yon pwojè patikilye.

Faz 1 sansibilizasyon an ta enfòme epi chèche fidbak sible nan men entèvenan lokal yo tankou moun ki toupre pwojè yo, ofisyèl minisipal yo, ajans pèmi leta yo (pou gwo pwojè enfrastrikti enèji pwòp), ak gwoup kominote kle ki ta ka potansyèlman afekte pa pwojè a. Faz 2 sansibilizasyon an ta gen ladan difizyon enfòmasyon sou pwojè a bay entèvenan Faz 1 yo ak kominote ki pi laj la nan itilize plizyè chanèl. Anplis de sa, pwomotè pwojè a ta òganize de reyinyon piblik pandan Faz 2 a pou chèche opinyon sou wout ak sit potansyèl ki nan evalyasyon yo.

Egzijans sansibilizasyon anvan-depo yo fèt pou pèmèt entèvenan kle yo ak kominote a pi laj la enfluyanse konsepsyon pwojè a, tankou seleksyon wout ak / oswa sit. Pwomotè pwojè a ta oblije pwograme yon reyinyon anvan-depo avèk DPP ak OEJE pou diskite sou pwojè ki pwopoze a, klarifye bezwen enfòmasyon ak dokiman yo, epi konfime kontak ki dwe fèt anvan yo depoze aplikasyon an bò kote EFSB.

Tablo ki anba a bay yon apèsi sou tan ak dire egzijans sansibilizasyon anvan-depo Faz 1 ak Faz 2 pou gwo ak ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp k ap chèche yon pèmi konsolide nan men EFSB.

| Faz   | Egzijans Sansibilizasyon Anvan-Depo pou Pwomotè a                                                                                                    | Gwo Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo       |             | Ti Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo       |             |
|-------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------|-------------|-------------------------------------------------|-------------|
|       |                                                                                                                                                      | Timing                                           | Dire        | Timing                                          | Dire        |
| Faz 1 | Rankontre avèk DPP & OEJE pou konfime kontak ak klarifye bezwen dokiman yo                                                                           | Omwen 12 mwa anvan avi anvan-depo a bò kote EFSB | pa aplikab  | Omwen 9 mwa anvan avi anvan-depo a bò kote EFSB | pa aplikab  |
|       | Konsilte MEPA ak ajans otorizasyon etatik ak lokal yo jan sa apwopriye                                                                               | Omwen 12 mwa anvan avi anvan-depo a bò kote EFSB | Omwen 3 mwa | Pa bezwen konsiltasyon MEPA                     | Omwen 3 mwa |
|       | Konsidere kritè adaptabilite sit EEA a ak konsèy analiz enpak kimilatif la                                                                           |                                                  |             | Omwen 9 mwa anvan avi anvan-depo a bò kote EFSB |             |
|       | Rankontre avèk entènan kle tankou ofisyèl minisipal yo, moun ki toupre pwojè potansyèl la, & gwoup kominote yo                                       |                                                  |             | Sa vle di fen Faz 1 Sansibilizasyon an          |             |
| Faz 2 | Soumèt bay DPP yon lis kontwòl oto-atestè pou achèyman Faz 1 sansibilizasyon an & aktyalize paj wèp pwojè a avèk enfòmasyon Faz 1 sansibilizasyon an | Sa vle di fen Faz 1 Sansibilizasyon an           |             | Sa vle di fen Faz 1 Sansibilizasyon an          |             |
|       | Fè efò pou enfòme, enplike & fè patenarya avèk òganizasyon kominote yo, ofisyèl etatik ak minisipal yo                                               | Atravè Faz 2 Sansibilizasyon an                  | 9 mwa       | Atravè Faz 2 Sansibilizasyon an                 | 6 mwa       |
|       | Pibliye enfòmasyon sou pwojè a nan itilize plizyè kanal sansibilizasyon                                                                              |                                                  |             |                                                 |             |

| Faz | Egzijans Sansibilizasyon Anvan-Depo pou Pwomotè a                        | Gwo Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo                                           |       | Ti Enstalasyon Enfrastrikti Enèji Pwòp yo                                           |       |
|-----|--------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------|-------|-------------------------------------------------------------------------------------|-------|
|     |                                                                          | Timing                                                                               | Dire  | Timing                                                                              | Dire  |
|     | Kenbe ajou enfòmasyon sou sit entènèt pwojè a                            |                                                                                      |       |                                                                                     |       |
|     | Òganize premye reyinyon piblik la                                        | Lè kòmansman Faz 2 ap apwoche                                                        |       | Lè kòmansman Faz 2 ap apwoche                                                       |       |
|     | Fè dezyèm konsiltasyon avèk MEPA ak ajans otorizasyon etatik ak lokal yo | Apre premye reyinyon piblik la                                                       |       | Apre premye reyinyon piblik la                                                      |       |
|     | Soumèt avi anvan-depo a bay EFSB                                         | Pa mwens pase 90 jou epi pa plis pase 120 jou anvan soumisyon aplikasyon pou pwojè a |       | Pa mwens pase 90 jou anvan soumisyon aplikasyon pou pwojè a                         |       |
|     | Òganize dezyèm reyinyon piblik la                                        | Omwen 45 jou anvan depo aplikasyon pwojè a bò kote EFSB                              | 3 mwa | Omwen 45 jou anvan depo aplikasyon pwojè a bò kote EFSB                             | 3 mwa |
|     | Peryòd Kòmantè Piblik la                                                 | Soti nan premye reyinyon piblik la jiska 30 jou anvan avi anvan-depo a bò kote EFSB  |       | Soti nan premye reyinyon piblik la jiska 30 jou anvan avi anvan-depo a bò kote EFSB |       |
|     | Soumèt bay DPP yon lis kontwòl oto-ateste pou Faz 2 a                    | Sa vle di fen Faz 2 Sansibilizasyon an                                               |       | Sa vle di fen Faz 2 Sansibilizasyon an                                              |       |

### 1. Egzijans Faz 1 Sansibilizasyon Anvan-Depo

Faz 1 sansibilizasyon an ta rive byen bonè pandan planifikasyon pwojè a lè plizyè wout ak sit potansyèl yo toujou nan evalyasyon pou pwojè yo pwopoze a. Nan kad Faz 1 an, pwomotè pwojè a ap bezwen konsilte kritè adaptasyon sit la ak konsèy analiz enpak kimilatif EEA devlope nan objektif pou idantifye wout ak sit pou pwojè enfrastrikti enèji pwòp ki evite oswa minimize enpak epi minimize posiblite pou efè negatif dispwopòsyone. Pwomotè ta oblije konsilte MEPA ak tout ajans otorizasyon leta ak lokal pwomotè a idantifye, pou resevwa fidbak sou konfòmite ak egzijans regilasyon ak lòt pi bon pratik pou evite oswa minimize enpak, epi resevwa rekòmandasyon pou etid syantifik oswa analiz ki ka nesèsè pou fasone revizyon ajans yo sou pwojè a yon fwa yo depoze li nan EFSB. Sou baz nati pwojè a, MEPA ka rekòmande ajans eta oswa federal adisyonèl ke defansè a ta dwe konsilte pandan Faz 1 sansibilizasyon an. Pou fasilite konsiltasyon anvan-depo a, pwomotè a ta dwe prepare detay debaz pwojè a pou prezante bay MEPA ak lòt ajans yo, tankou yon deskripsyon aktivite travay ki pwopoze yo; wout / sit potansyèl pou pwojè a ak altènativ pwojè ki sn diskisyon yo; diskisyon sou kijan pwojè a satisfè kritè adaptabilite sit la ak gid analiz enpak kimilatif pou anplasman sit enèjetik; yon lis tout pèmi lokal, etatik, ak federal obligatwa; ak kat jeyografi lokal ki montre kote ki prevwa pou pwojè a ak kontrent resous anviwònmantral ki asosye yo (egzanp, Atik 97 sou tè, marekaj, G.L c. 91 limit, espès ki ra, abita, ACEC, elatriye). Yo ta dwe idantifye tout popilasyon jistis anviwònmantral ("EJ") ki nan mwens pase yon mayl de chak kote yo pwopoze pou sit la tou. Konsiltasyon Faz 1 ak MEPA pa nesèsè pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp k ap chèche yon pèmi konsolide EFSB.

Pandan Faz 1 an, pwomotè a ta fè yon sansibilizasyon sible sou fòm diskisyon separe ak konjwen avèk entèvenan yo, tankou men pa sèlman, rezidan (pwopriyetè ak lokatè) ak biznis ki potansyèlman tou pre pwojè a, gwoup kominotè, ak ofisyèl minisipal ki eli oswa nonmen (egzanp, majistra oswa responsab vilaj / vil, manm konsène nan konsèy / Komite Chwazi a, Prezidan Komisyon Konsèvasyon an, Komite Planifikasyon an, Komite Zonaj la, ak Chèf Depatman Travo Piblik yo).

Nan chak reyinyon entèvenan, pwomotè pwojè a ta diskite sou tout wout ak / oswa sit potansyèl ki an diskisyon yo ansanm ak deskripsyon pwojè a, bezwen pou oswa objektif pwojè a, konparezon jeneral enpak antisipe nan chak altènativ potansyèl wout / sit ak pwojè, delè ki estime pou soumèt aplikasyon an bò kote EFSB, ak opòtinite pou kòmantè piblik oswa opinyon sou pwojè a alavni. Pwomotè pwojè a ta oblije konfime epi fè aranjman pou entèpretasyon ak / oswa materyèl tradui jan patisipan yo mande sa nan reyinyon Faz 1 yo. Apre konklizyon Faz 1 sansibilizasyon an, pwomotè pwojè a ta afiche sou paj wèb pwojè li a materyèl ki pataje pandan reyinyon Faz 1 yo, lis entèvenan li te kontakte, fidbak li te resevwa ak fason pwomotè a te konsidere fidbak sou pwojè a, tankou tout modifikasyon oswa rejè wout potansyèl oswa sit ki an diskisyon yo. Pou siyifye fen Faz 1 sansibilizasyon an, pwomotè a ta soumèt yon lis kontwòl oto-ateste pou achèvmman Faz 1 sansibilizasyon an bay DPP.

## 2. Egzijans Faz 2 sansibilizasyon anvan-depo yo

Faz 2 sansibilizasyon an ka kòmanse yon fwa reyinyon Faz 1 espesifik avèk entèvenan kle yo fini epi gen chans pou gen yon seri pi etwat wout oswa sit pwojè potansyèl ki an diskisyon. Nan moman Faz 2 sansibilizasyon an, yo ta dwe idantifye yon wout oswa sit preferansyèl pwovizwa epi prezante l bay piblik la, ansanm ak lòt kote altènativ ki rete an diskisyon yo. Pwomotè a ka elimine wout / sit ki gen difikilte ensimontab nan zafè konstriksyon, enkyetid kolektif ki dokimante domaj oswa feblès reyèl oswa pwobab konsènan yon wout oswa sit yo pwopoze ki pa ka evite, minimize, oswa diminye, oswa pa respekte règleman etatik ak federal<sup>13</sup> anvan pasaj nan Faz 2 sansibilizasyon an. Pandan Faz 2 sansibilizasyon an, pwomotè pwojè a ta dwe dekri kijan pwojè a satisfè konsèy analiz adekwasyon ak enpak kimilatif sou sit la, prezante estimasyon enpak anviwònmanal ki asosye avèk chak altènativ, epi prezante kritè klè pou rejte sèten altènativ oswa klase kèk altènativ pa rapò ak lòt.

Faz 2 sansibilizasyon anvan-depo a ta dwe karakterize pa sansibilizasyon kominote ki pi laj la ak omwen de reyinyon piblik ki òganize pa pwomotè a. Nan kòmansman Faz 2 sansibilizasyon an, epi apre premye reyinyon piblik la, pwomotè pwojè a ta oblije fè yon dezyèm konsiltasyon anvan-depo avèk MEPA ak tout ajans otorizasyon etatik ak lokal ki te patisipe nan konsiltasyon Faz 1 an (sòf si yon ajans te refize espesifikman) pou jwenn fidbak sou yon ansanm

---

<sup>13</sup> Egzijans Seksyon 60T Lwa 2024 sou Klima a gen ladan "yon yerachi alèjman ki dwe aplike pandan pwosesis otorizasyon an pou evite oswa minimize oswa, si enpak yo pa ka evite oswa minimize, diminye enpak sit la sou anviwònman an, moun ak bi ak objektif Commonwealth la pou alèjman klima, depo kabòn ak sekestrasyon, rezilyans, divèsite biyolojik ak pwoteksyon tè natirèl ak tè kiltive yo nan mezi li posib."

pi pi etwat sit / wout ak altènativ pwojè ki toujou an diskisyon yo. Lè yo resevwa yon demann pou fè konsiltasyon Faz 2 a, MEPA ak lòt ajans envite yo ka rekòmande ajans etatik oswa federal adisyonèl pou enkli nan konsiltasyon sou Faz 2 a. Pou fasilite konsiltasyon sa a, pwomotè a ta dwe bay menm nivo detay pwojè a jan li prezante nan Faz 1 an, ki aktyalize pou reflekte tout chanjman konsepsyon ki te fèt depi konsiltasyon Faz 1 an. Anplis de sa, pou chak altènativ ki rete an diskisyon, pwomotè a ta dwe bay plan sit kondisyon ki egziste ak pwopoze yo, si yo disponib; yon aktyalizasyon estati ak / oswa rezilta tout etid syantifik oswa analiz ki ap fèt oswa ki te fèt pou fasone revizyon ajans pwojè a; estimasyon kantitatif enpak anviwònmantral yo; ak mezi alèjman potansyèl yo. Pandan konsiltasyon Faz 2 a, pwomotè a ta dwe dekri kijan pwojè a te reponn a tout fidbak oparavan ajans yo ak piblik la te bay, tankou chanjman nan konsepsyon pwojè a te fè pou adrese fidbak anvan yo.

Pwomotè pwojè a ta fè premye reyinyon piblik la lè kòmansman Faz 2 ap apwoche lè gen yon pi piti kantite wout / sit potansyèl ki an diskisyon epi pwomotè a te fè konsepsyon teknik preliminè pou opsyon wout / sit pwojè prefere li yo. Dezyèm reyinyon piblik la ta dwe fèt omwen 45 jou anvan pwomotè a depoze aplikasyon an bò kote EFSB (gade Seksyon B a) pou ranmase fidbak sou wout / kote pwojè preferansyèl pwomotè a ki te resevwa yon konsepsyon teknik pi apwofondi.

Pwomotè a ta dwe oblije demontre, pandan tout Faz 2 sansibilizasyon an, yo te fè efò pou enfòme, enplike, ak fè patenarya avèk ofisyèl minisipal ak etatik lokal yo, òganizasyon kominotè yo, gwoup rezidan ak biznis yo, tripi / òganizasyon endijèn yo, ak konsèy travay lokal yo. Yo ta ka atann pou pwomotè pwojè yo adapte sansibilizasyon an a pwojè ak karakteristik popilasyon ki potansyèlman afekte yo. Kanal sansibilizasyon yo ka gen ladan, men pa sèlman pòt-a-pòt, imèl, apèl nan telefòn, mesaj sou medya sosyal yo, afichaj flayèz nan espas rasanbleman kominotè yo, espòt radyo, ak kontak avèk chèn kable lokal (yo).

Yo ta ankouraje pwomotè pwojè yo òganize reyinyon piblik ibrid yo. Tou de reyinyon piblik yo ta dwe fèt nan tan rezonab ak nan kote aksesib manm kominote a regilyèman itilize. Chak reyinyon piblik ta gen ladan lase tan pou resevwa kòmantè piblik, epitou pou reponn kesyon entèvenan yo. Pwomotè pwojè yo ta oblije kominike dat ak lè reyinyon an omwen 3 semèn anvan reyinyon yo atravè yon seri kanal sansibilizasyon ki ta ka gen ladan lis distribisyon imèl pwojè a<sup>14</sup>, anvwaz fizik a moun ki toupre yo ak entèvenan kle yo, mesaj medya sosyal, anons nan jounal sou papye / sou entènèt, ak flayèz ki afiche nan espas manm kominote yo itilize ak vizite regilyèman.

Anplis materyèl sansibilizasyon ki distribiye nan reyinyon piblik yo ak nan lis kontwòl imel pwojè a, paj wèb pwojè pwomotè a ta oblije sèvi kòm yon sous kle mizajou enfòmasyon pwojè a selon disponiblite yo. Paj wèb pwojè a ta gen ladan yon rezime pwojè an langaj senp; deskripsyon detaye pwojè a; kat geyografi kote a; konsiderasyon adaptabilite sit la ak enpak kimilatif; enpak potansyèl sou sante, anviwònman ak sekirite; wout / sit potansyèl ki an

---

<sup>14</sup> Defansè a ta voye enfòmasyon sou pwojè a ak mizajou regilye bay moun ki enskri nan lis distribisyon imel la. Chak benefisyè ta resevwa menm enfòmasyon an. Paj wèb pwojè yo pwomotè a ta gen ladan yon kote pou enskri pou lis sa a nan antre yon adrès imel.

diskisyon tankou sa ki rejte yo; ak tout mizajou annijans. Paj wèb la ta gen ladan tou materyèl yo pataje pandan reyinyon Faz 1 ak Faz 2, fidbak reyinyon yo te resevwa, enfòmasyon kontak pwomotè pwojè a, ansanm ak yon kote pou moun ki enterese yo enskri nan lis distribisyon imel espesifik pwojè a epi soumèt kòmantè. Pandan Faz 2 sansibilizasyon anvan-depo a, peryòd kòmantè a ta rete ouvè apati de premye reyinyon piblik la jiska 30 jou anvan soumisyon avi anvan-depo a bò kote EFSB. Pwomotè pwojè a ta dwe mete ajou sit entènèt pwojè a regilyèman epi bay lis distribisyon pwojè yon mizajou chak trimès ki gen ladan yon rapò pwogrè wo nivo, rapèl sou fason manm piblik la ka patisipe, ak yon delè ki estime pou depoze aplikasyon an bò kote EFSB.

Yo ta tradui ajenda reyinyon an, prezantasyon, ak lòt materyèl yo, epi pwomotè a ta bay entèpretasyon similtan pou tout dire reyinyon piblik Faz 2 nan lang yo idantifye dapre Plan Aksè a Lang EFSB aktyèl la ("LAP"). Yo t ap bay tradiksyon ak entèpretasyon nan lòt lang yo mande yo. Materyèl sansibilizasyon ak paj wèb pwojè a ta gen ladan tou enfòmasyon sou fason pou mande sèvis tradiksyon ak / oswa entèpretasyon. Tout sèvis aksè a lang ki gen rapò ak sansibilizasyon anvan-depo ta dwe ranje ak peye pa pwomotè pwojè a.

Pou siyifye achèvmman Faz 2 sansibilizasyon an, pwomotè a ta soumèt yon lis kontwòl oto-ateste pou achèvmman Faz 2 sansibilizasyon an bay DPP anvan depo aplikasyon pwojè a bò kote EFSB.

#### B. Egzijans Avi anvan-depo (Notifikasyon Entansyon pou Depoze Aplikasyon)

Pou gwo enstalasyon enfrasikiti enèji pwòp yo, pwomotè a ta oblije soumèt yon avi anvan-depo bay EFSB pa mwens pase 90 jou epi pa plis pase 120 jou anvan li depoze aplikasyon an bò kote EFSB. Nan ka ti enstalasyon enfrasikiti enèji pwòp yo, pwomotè a dwe soumèt avi anvan-depo a pa mwens pase 90 jou anvan li depoze aplikasyon an bò kote EFSB. Si pwomotè a pa depoze aplikasyon an nan dat ki enkli nan avi anvan-depo a, pwomotè a dwe resoumèt avi anvan-depo a. Si dat limit la nan dezyèm avi anvan-depo a pase epi aplikasyon pou pwojè ki pwopoze a poko depoze, pwomotè a ka oblije fè yon sansibilizasyon adisyonèl anvan li ka soumèt avi anvan-depo a bay EFSB.

Avi anvan-depo a ta endike detay pwojè a tankou yon rezime pwojè an langaj senp, non pwojè a, kote, kat jeyografik, enfòmasyon kontak moun ki deziyen an, ak yon lyen pou sit entènèt pwojè a. Anplis de sa, li ta gen ladan enfòmasyon sou dat ki prevwa pou depoze pwojè a, detay sou reyinyon piblik ki te fèt oswa ki te planifye, dire peryòd kòmantè piblik la, nan ki lang yo pral bay tradiksyon ak entèpretasyon, ak kijan pou mande sèvis aksè a lang yo. Avi anvan-depo ta disponib tou sou sit entènèt pwomotè a ansanm ak tout vèsyon tradui ki idantifye selon LAP EFSB aktyèl la.

#### C. Dokiman yo dwe soumèt (depoze) ansanm ak avi anvan-depo a

Pwomotè pwojè a ta oblije soumèt dokiman sa yo bay EFSB ansanm ak avi anvan-depo a:

- Yon oto-sètifikasyon ki ateste tout egzijans Faz 1 sansibilizasyon yo te satisfè, estati efò Faz 2 sansibilizasyon an, epi reyinyon anvan-depo ant pwomotè pwojè a, anplwaye DPP ak anplwaye OEJE yo te fèt jan sa defini pou gwo ak ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo;
- Rapò sou efò sansibilizasyon ak angajman piblik yo tankou:
  - Enfòmasyon sou materyèl sansibilizasyon an, moun ki sansibilize san bliye dat ak metòd kontak la/yo, zouti ak aksyon yo itilize pou enplike ak ankouraje kontribisyon òganizasyon kominotè yo, tribi / òganizasyon endijèn, gwoup rezidan, ak lòt antite lokal, ak reprezantan ajans leta yo;
  - Ajenda pou reyinyon kominotè ki te fèt, materyèl distribye, ak nòt reyinyon ki gen ladan tout enkyetid, sijesyon, ak altènativ / modifikasyon sit eksprime;
  - Yon anèks ki rezime kòmantè anvan-depo yo te resevwa, ki jan pwomotè pwojè a te konsidere kòmantè yo nan konsepsyon pwojè li a. Revizyon enpòtan nan konsepsyon pwojè yo ta dwe byen idantifye;
  - Tout patenarya ki devlope ak entèvenan lokal yo pou bay yon kontribisyon antanke kò konsiltatif; epi
  - Pwopozisyon avantaj kominotè yo prepare, oswa akò avantaj kominotè ki egzekite, si sa aplikab; epi
- Oto-sètifikasyon ki soti nan men pwomotè a ak minisipalite ki afekte yo, tout pati yo te fè tout efò yo pou negosye konsènan aspè debaz enstalasyon ki pwopoze a -- sit / konsepsyon altènatif, alèjman enpak pwojè a oswa avantaj konpansatwa, sèvis sekirite piblik oswa estanda ekipman yo.

#### IV. DEMANN KÒMANTÈ

1. Konbyen altènativ sit/oswa wout ki anjeneral konsidere pou diferan kalite pwojè (pa egzanp: solè, van, depo batri)? Nan ki etap nan sik devlopman pwojè a opsyon sit/oswa wout ki anba konsiderasyon yo pare pou yo pataje ak patnè yo pandan Faz 1 sansibilizasyon an?
2. Ki lòt sijesyon ou genyen pou enplike patnè yo, espesyalman pandan Faz 1 sansibilizasyon an, pou ede enfòme chwa opsyon sit/oswa wout yo?
3. [Pou ajans yo] Si reyinyon yo avèk MEPA ak lòt ajans leta yo ta dwe fèt pandan Faz 1 sansibilizasyon an (lè gen plizyè opsyon sit / wout potansyèl) oswa pandan Faz 2 a lè gen mwens opsyon oswa nan toude faz yo? Tanpri presize ajans yo ta dwe konsilte yo pandan chak faz.
4. Nan ki pwèn yo ta dwe chanje angajman anvan-depo soti nan Faz 1 (sansibilizasyon sibler pou entèvenan kle yo) rive nan Faz 2 (pi gwo pataj enfòmasyon avèk kominote ki pi laj)? Èske li ta dwe baze sou kantite wout /sit ki an diskisyon yo oswa lòt paramèt?
5. Pwojè Pwopozisyon sa a sijere egzijans Faz 2 sansibilizasyon an pou gwo enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo ta dwe kòmanse omwen 9 mwa anvan pwomotè a soumèt avi

anvan-depo a bay EFSB. Pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo, sa ta dwe kòmanse omwen 6 mwa anvan. Èske kalandriye sa a bezwen modifye?

6. Èske gen lòt egzijans anvan-depo ki ta dwe konsidere pou amelyore transparans epi asire entèvenan ki potansyèlman afekte yo gen yon opòtinite pou bay opinyon, espesyalman konsènan seleksyon wout / sit?
7. Èske kalite oswa kantite kontak aplikan an ak kominote a ta dwe varye selon kalite pwojè a, echèl la, oswa kote li ye a?
8. Èske gen yon etap kle nan sik preparasyon pwojè a lè konsepsyon pwojè a ase apwofondi pou pèmèt yon kontribisyon siyifikatif, men opsyon wout / sit la ka toujou relativman fasil modifye sou baz kontribisyon an?
9. Èske delè yo pwopoze pou pwomotè pwojè a soumèt avi anvan-depo a bay EFSB pou gwo ak ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo adekwa?
10. Ki kanal sansibilizasyon ak pratik angajman ki pi efikas epi ki ta ka itilize pa pwomotè pwojè a pou enfòme kominote ki afekte pa yon pwojè?
11. Èske EFSB ta dwe mande pou chak pwomotè pwojè diskite sou akò avantaj kominotè avèk reprezantan minisipal yo?
12. Èske yo ta dwe diferansye delè pwosedi anvan-depo selon kalite teknoloji a? Si se konsa, tanpri eksplike:
13. Èske delè pwosesis pwosedi anvan-depo pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp ki chwazi pou chèche yon pèmi konsolide nan men EFSB ta dwe menm jan ak delè anvan-depo pou ti enstalasyon enfrastrikti enèji pwòp yo?